ISSN 0207-6551

# НУР

11
2020

6+



## Редакторым и псалъэ

Бжьыхьэм и дахэгъуэщ. ЩэкIуэгъуэ къуэлэным зыдищIу ди журналри щхъуэкIэплъыкIэ мэхъу мы мазэм: плъыфэхэм я дунейм хохьэ, сурэтыщIхэм я гъащIэм хукъуоплъ, фэ ффIэфI плъыфэхэмкIэ фи хьэл-щэн зэрегъащIэ. Светофор нэкъуэлэн дыдэми гу лъитащ!

ЦIыкIухэ, фыкъызэрыдгъэгугъа гъэсэныгъэ тхылъ цIыкIури мы къыдэкIыгъуэм дэлъщ. Къыдэфхи зефхьэ.

Фи уэгур нэхуу, фи гъуэгур захуэу, фи гур зэIухауэ фыкъэхъуну дывохъуэхъу.



ШЭРIУЖЬ Аслъэн

# Светофор



**Сыдыхьэхукlэ сэ къалэшхуэ,**
**Сыхуэзэхукlэ светофор,**
**Согупсысыр, lуэхутхьэбзэшхуэ**
**Абы хуещlэ Дуней псом.**

**Тхуилэжьакъэ-тlэ lуэхушхуэ**
**Зи гум япэу ар къэкlам,**
**Бгъэдэлъакъэ щlэныгъэшхуэ**
**Светофор къэзыгъэблам!**

**Мис, къэсащ щlэфиихьыжу**
**Хьэлъэзешэ мэршынэфl.**
**И шэрхъышхуэ абрагъуэшхуэм**
**Зэпича хъунщ гъуэгуанэфl.**

**Илъагъу пэтми мэршынэшхуэр,**
**Светофорым хабзэ хэлъщ,**
**Зи блэкlыгъуэр цlыху гупышхуэрщ,**
**Хьэлъэзеши шыlэ хэлъщ.**



Нащхьэ-Iущхьэурэ хуэгуфIэу,
ЦIыху гупышхуэр, мис, блегъэкI,
Ихъуэжыхукlэ и «нэ плъыфэр»
Пэплъэ гъущIхэри «мыпIэнкI».

Мэршынэшхуэри щытыхукlэ,
Зы бэуэгъуэ игъуэтащ,
Ис шофермиапщIондэхукlэ
Псы Iубыгъуэ ирифащ.

Сопль аргуру светофорым,
Хабзэм зыкIи ар темыкI.
ХуэнэфI-нейуэ къыхуэгуфIэм,
И фэм зэи ар имыкI.

Щырырет ар къулыкъущIэу,
Е школакIуэу щрырет,
Абы зэи чэзууншэу
Зыми гъуэгур иримыт.

Сигу къокIыжыр: Махуэ гуэрым
Светофорыр ункIыфIат,
КIапсэ, токыр къызэрыкIуэм
Жыг техуауэ, зэпычат.

Уэрамышхуэр зэрызехьэрт,
Лъэсри жэрри зэблэлъэтт.
Зэрызекъуэу зэхэзекIуэт,
«ПIи-пIи-пIипI»-ти, гур къилъэтт!..

* * *

Светофорым хэлъщ хабзэшхуэ,
ЦIыхуу щыIэр дегъэгушхуэ.
Лъагъуэ бгъузэм дытырешыр,
Къытлъегъэсыр дэ гъуэгушхуэ!

Согупсыс схузэфIэмыкIыу
Светофорым и лэжьэкIэм.
Хабзэм зыри дытемыкIтэм,
Дахэ хъунут ди псэукIэр.





# Сурэтыщ|хэр ди хьэщ|эщ



## МЫСАЧЭ Мурат

### *Си сабиигъуэм къыщожьэ...*

Сысабийуэ сурэт щ|ыным сыдихьэхащ. Ар Iэщ|агъэ схуэхъуну дэнэ щысщ|энт?! Зэрыхъуари мыращ: Ленинград *(иджы Санкт-Петербург ф|ащыжащ)* къикIа сурэтыщIым си адэм и сурэт ищIырт. Сэ абы сеплъырт, зэрызгъэщIэгъуэнур сымыщIэу. А лэжьыгъэр апхуэдизкIэ телъыджэ щыхъуат си сабиинэми, сызыIэпишащ икIи... сиутIыпщыжакъым. Художественнэ еджапIэри, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутым и художественно-графикэ факультетри къэзухащ. Ди республикэм и театрхэм *(къанэ щымыIэу псоми)* сурэтыщIу сыщылэжьащ. Иджыпстуи адыгэ театрым сыщыIэщ, ауэ фи журналым дэрэ ди зэныбжьэгъуныгъэр нэхъ быдэу къыщIэкIащ.

### *«Нур» журналым дэрэ*

Сурэт щIыным сыхуеджэу къыщызгъэзэжам, мы журнал цIыкIум и сурэтыщI Къып Мухьэмэд сызыдигъэлажьэу щытащ. АтIэ журналым сурэтыщI зэмылIэужьыгъуэ иIэмэ, нэхъ дахэ, къулей мэхъу. Мухьэмэд сабийхэм яхузигъэщIт сурэт цIыкIухэр. Абы лъандэрэ зэман куэди дэкIауэ, сабийхэм яхуэгъэза лэжьыгъэ сщIыну сыхунэмысурэ екIуэкIауэ, иджы щIэздзэжауэ «Нурым» сигу хыхьэу сывдолажьэ. Сэ фи журналыр сигу ирохь, сабийхэр нэхъ зыщIэупщIэ комиксхэр фхузощI. Апхуэдэу щIэхъуам иджыри зы щхьэусыгъуэфI иIэщ: журналым еджэ си пхъурылъху цIыкIуитIым гукъыдэж къызат сабийм сахуэлэжьэну. Абы яхуэгъэза литературэ зэрыщымыIэр сольагъу, адыгэбзэм ахэр пэIэщIэ зэрыхъур зыхызощIэри, сэри схузэфIэкIыр яхузолэжь, ягу нэхъ ирихьэр къэслъытэу.

### *Сигу хэзыгъахъуэр*

СурэтыщIым махуэ къэс и IэмкIэ зыгуэр къегъэщI. Сэри аращ, ахэр цIыхум я гум щынэсхьэсым и деж сигу хохъуэ. Абы уегъэгушхуэ, уи къарур нэхъри уи фIэщ мэхъужри сурэтыр теплъэгъуэхэмрэ плъыфэхэмкIэ къызэрокI.

### *Куэд феджэ*

СурэтыщI хъуну хуей цIыкIухэм ехъулIэныгъэ зэрывиIэнум сэ шэч къытесхьэркъым. Сызыхуейр зыщ: фи Iэм ищIым нэмыщI тхыгъэ куэд феджэ, щIэвджыкIыж. Нэхъыбэ къэфщIэху, псэкIэ нэхъ къулей фыхъунущ, фи IэдакъэщIэкIхэми купщIэ нэхъ яIэнущ.



## АККИЗОВЭ Имарэ

### *ГъащIэм къысхухихащ*

Илъэсих-блы сыхъуху си адэ-анэм лэжьапIэ пэшу яIар дыщыпсэу фэтэрырщ. ГурыIуэгъуэтэкъэ сэ сыкъызыхэхъукIар, си псэр зыпсыхьар, IэщIагъэ схуэхъунур езы гъащIэм къызэрысхухихар! СурэтыщI сызэрыхъунур сщIэми, ар си натIэм кърихьа пэтми, гъащIэм къысхуигъэув унафэ гуэрхэми сыщIэдэIун хуей хъури, филолог IэщIагъэ зэзгъэгъуэтащ. Си фIыщIэу IэщIагъэм хэлъыр абы и лъагъуэм зэи сызэрытемыкIырщ. Унагъуэ сихьауэ, сабий сиIэу сыщIэтIысхьащ художественнэ школ. Си псэм, си лъым сызэрыцIыкIурэ хэлъым сыкърихуэкIыу къыщIэкIынт. ИужькIэ абы

срилажьэурэ, гъэлъэгъуэныгъэхэм сыхэтурэ, хуэмурэ си щхьэм нэсщ сызэрысурэтыщIри хуэмурэ си щхьэм нэсри, Урысейм и сурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм сыхыхьащ...

### *Дамэ къыстекIэрт*

ЦIыху къэс и сабиигъуэм щыщ гукъэкIыж гъэщIэгъуэн, ириину, иригушхуэу иIэщ. Сэ слъагъуу си нэгу щIэкIырт си адэм ищI сурэтышхуэхэм «псэ къазэрыхыхьэр». Зы махуэм нэхърэ адрейм нэхъ Iупщl хъууэрэ IэдакъэщIэкIыр дунейм къытехьэрт. И лэжьыгъэр и кIэм нэсауэ, зы удз гъэгъа цIыкIу, е а удзым и зы тхьэмпэ сщIыну хуит къысхуищIа иужь, сыгуфIащэурэ дамэ къыстекIэрт. Соавтор си папэ сыхуэхъуауэ къэслъытэжу абы сриинт. Мис апхуэдэ дакъикъэхэр къызэрызатам папщIэ, си адэ-анэм фIыщIэ лей яхузощI.

### *Сызэхъуапсэр*

Телъыджагъэр зыхэтщIэкъым, гум хыхьэу зыри дгъэщIагъуэкъыми мис ар си жагъуэщ... Къызэрыгуэкl гуэрущ псоми дызэреплъыр, зи Iэфlыр щIэкIа сагъызыр зэрагъэныщкIум ещхьу. Си пхъум дунейм и дахагъэр зыхищIэным, компьютерым нэхъ мащIэрэ бгъэдэсу тхылъыр фIыуэ езгъэлъагъуным, къыхуащIэр имыгъэнэхъапэу езым нэхъыбэ цIыхухэм яхуищIэу, къэзыухъуреихьэр фIыуэ илъагъуу зэрызгъэсэным яужь ситщ.

СурэтыщI хъуну хуейхэм сызэрехъуэхъуфынур зыщ: гъащIэм фыкIэлъыплъ къудей мыхъуу, гурыфIыгъуэ хэфхыф, дамыгъэ гуэр къыхэфлъагъуэ, къыхэвгъуатэ, зы дакъикъи сэбэпынагъ пымылъу къэвмыгъэщI. ЖысIа псори къызэрыгуэкI хуэдэщ, атIэми ахэр умыгъэзащIэу IэщIагъэлI нэси цIыху нэси къыпхэкIынукъым. Мис ахэр зыхэпщIэ-зыщIэпшэрэ, гъащIэм ухуэнабдзэгубдзаплъэмэ – шэч хэлъкъым цIыху телъыджэ къызэрыпхэкIынум.



## ТУБАЙ Мурат

### *Си япэ IэдакъэщIэкIыр*

Гъуазджэм сыкъыхэхъукIащ сэ. Си адэ-анэм пхъэр дахэу ирабзэу IэпщIэлъапщIэти, абы хуаIэ лъагъуныгъэр сэри къыслъэIэсащ.

Япэ дыдэу си Iэпэм къыпыкIар къызэрыгуэкI шэнт щхьэгуэ цIыкIущ. Илъэсих-блы сыхъуу арат абы щыгъуэ. Си адэм и лъэщапIэ пэшым къыщызгъуэта пхъэ кIапэлъапэхэм къыхэсщIыкIа шэнтым сэ зыкIэ сыщыгуфIыкIырти! Уи IэкIэ зыгуэр пщIыным къыпхуихь гуфIэгъуэр абы щыгъуэ япэу зыхэсщIащ. Фи фIэщ зэрыхъун, нэхъыбэ дыдэрэ ди лъапсэм къыщагъэсэбэп хьэпшыпу а шэнт цIыкIур иджыри диIэкIэ!

### *ГъащIэм и гъуэгу бгъуфIэр*

Еянэ классым сыщеджэу къызгурыIуащ си гъащIэр гъуазджэм еспхыну сызэрыхуейр. Художественнэ школ сыкIуэн щIэздзащ, ар къэзухри ди университетым IэпщIэлъапщIэхэр щрагъаджэ гъуазджэмкIэ и къудамэм сыщIэтIысхьащ. Зэи сыхущIегъуэжакъым. Егъэлеяуэ сфIэфIщ цIыхум сэбэп сыхуэхъуну. Си IэкIэ сщIа хьэпшыпым зыгуэрым гукъыдэж къриту слъагъумэ, дамэ къыстокIэ. Адыгэм къыддэгъуэгурыкIуэ IэщIагъэр, си унагъуэм и деж и мызакъуэу, лъэпкъ псом хуэзыхъумэм си къару зэрыхэлъыр-щэ?!

Иджыри сыстуденту срагъэблэгъауэ, сабийхэр гущхьэгъэсэным хуезыгъаджэ Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ унэм сыщолажьэ. Сабийхэм я Iэ цIыкIухэмкIэ дахагъэ къагъэщIу согъасэ.

### *IэщIагъэ Iей щыIэкъым*

Дэтхэнэ зы сабийми ищIэну сыхуейщ: IэщIагъэ Iей щыIэкъым. Нэхъыщхьэр – ар гурэ-псэкIэ уфIэфIынырщ, аращ насыпыфIэ узыщIынури. Сигу хэхъуэнущ си IэщIагъэм сабий нэхъыбэ къыхуэзгъэушыфмэ, дезгъэхьэхыфмэ.

Зыгъэхьэзырар ИСТЭПАН Залинэщ

*ЦIыкIухэ, фэрэ дэрэ ди адыгэбзэр сытым хуэдэу къулей! Адыгэ псори дызэрызэгурыIуэр – зы бзэ; етIуэкIыу, дгъэIущу, е ауанышIу нэгъуэщIым дызэрепсалъэр –* **щIагъыбзэ***; зэгуэкIуахэр гушыIэу зэрызэхуэусэр –* **хъуэрыбзэ***; щакIуэхэр щэхуу зэрызэIущащэр –* **щакIуэбзэ***, лIыгъэ зезыхьэ пщы-уэркъхэм яIурылъар –* **зекIуэбзэ***. А бзэ лIэужьыгъуитхум щыщу нобэ къэнэжар фэрэ дэрэ дызэрызэпсалъэ закъуэрщ, ари... ди Iум йокIуэсыкIыж, хамэбзэхэм абы и увыпIэр яубыдауэ. Дэри хуэм-хуэмурэ дымыадыгэжу дыкъыщIокI! Абы фегупсыс зи бзэр зыIурымылъыжхэри, хамэбзэ псалъэхэр зи Iупэм тесу, ахэр зи адыгэбзэм текIуэхэри.*

*ЩакIуэбзэр къывэдгъэщIащ «Нурым» и блэкIа къыдэкIыгъуитIым, иджы зекIуэбзэм и гугъу къытхуещI щIэныгъэлI* **Мэрзей Аслъэн***. Аслъэн езым сытым хуэдэу тхылъ телъыджэ итха зекIуэм теухуауэ! Ди тхыдэм щыщу дымыщIа куэдым и пэжыр къытхуеIуатэ. Зэвгъэгъуэти зивгъэIэ.*

*Нур*

## ЗЕКIУЭБЗЭ

Пасэ зэманым адыгэр зекIуэ ежьэу щытащ. Бжьыхьэ е гъатхэ зэрыхъуу зекIуэлI нэхъыжьхэм уэркъ щIалэгъуалэр ящIыгъуу мэзым кIуэрт. Абдеж щаухуэрт **шупщыIэ**. А шупщыIэм тесхэм псоми я нэкIухэр щIэхъумат, ахэр хэту щытми зыцIыхур я пашэ пщым и закъуэт. ШупщыIэм зыри екIуэлIэну хуиттэкъым. ЗекIуэлI нэхъыжьхэм щIалэгъуалэр хурагъаджэрт зекIуэ Iуэхум и щэхухэм, хуагъасэрт шы тесыкIэм, Iэщэ IыгъыкIэм, зэуэкIэм. Ар Iэмалыншагъэ Iуэхут, – бийуэ къатеуэр куэд хъурти щIалэхэм я хэку, я лъэпкъ, я унагъуэ яхъумэжын хуейт. ЗекIуэри – лIыгъэ гъэунэхупIэт. ЗауэлI нэс хъуну зыхуагъэфащэ щIалэхэр гъуэгуанэ жыжьэ – зекIуэм здашэрт. Ахэр бийхэм ятеуэрт, ятекIуэрт, лIыгъэкIэ къахэщами и цIэр жыжьэ Iурт. Иджы а зекIуэлIхэм яIэт зекIуэбзэ, иризэпсалъэу. Ахэр къызэрыгуэкI бзэкIэ зэпсалъэмэ, къакIэщIэдэIухьхэм, бийм я тIасхъэщIэххэм* зэхахынкIэ хъунути, абы къагурымыIуэн хуэдэу псалъэм и хьэрфхэр зэблагъэувыкIырт, зэгъэдзэкIауэ жаIэрт. ЩакIуэбзэм ещхьт а бзэр, ауэ псэущхьэхэм я закъуэтэкъым зи гугъу ящIыр. Арат «зекIуэбзэ» хъужри. ЗекIуэр зауэ IэнатIэу щыщыткIэ, уи щэху пхуэмыхъумэмэ, утекIуэнутэкъым.



### ЗекIуэбзэм и къэхъукIэр

ЗекIуэбзэр лIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэшат.

- Ар щакIуэбзэм хуэдэу – щIагъыбзэт, метафорэт, гъэщIэрэщIат.

**Щапхъэ**: махъшэ-бгыкъуаншэ, кIэпхъ-бырыб, щыхь-бжьэубгъу.

- Псалъэм и пкъыгъуэхэр зэблэгъэувыкIат.

**Щапхъэ**: гъуэмылэ-мылэгъуэ, кIапсэ-псакIэ, хъуржын-жырхъун.

- Псалъэр езыр зэблэгъэувыкIат.

**Щапхъэ**: уанэ-энау, фоч-чоф, щIакIуэ-экIуащI.

- Псалъэм и пкъыгъуэхэм дагъэувэрт пычыгъуэ «РИ» е «ФЕ».

**Щапхъэ**: нэ-иринэри, жьэ-ирижьэри.

ЗекIуэежьэр зэрыщымыIэжрэ зекIуэбзэри кIуэдыжащ, ауэ а бзэр зыIурылъ дадэхэм иджыри урихьэлIэт ХХ-нэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм.

Чэнджэщ: зекIуэбзэм и къэхъукIэр къэфщIащ. Фэри феплъ мы щапхъэхэм тету псалъэ къыфхуэгъэщIмэ, абы фризэгурыIуэфмэ. Ар джэгукIэ щхьэпэщ икIи гъэщIэгъуэнщ.

**ТIасхъэщIэх – бзэгузехьэ (шпион)*

*КъыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм тетынущ «ЩIагъыбзэм» теухуа тхыгъэ.*


АБРОКЪУЭ Беллэ
ГЪЭ
СЭ
НЫ
ГЪЭ
тхылъ
НУР

## Ущие

Нэхъыжьым уемыдауэ,
Къыбжиlэм уэ едаlуэ.
Нэхъыщlэм уемызауэ,
Укlийуэ уемыгуауэ.
Уи жьауэр зыхебгъащlэм
Нэхъыщlэр мэхъу жылэщlэ.
Уэ уфlрэ, пщlэ къыпхуащlым,
Щылэжкъым узыщыщlэ.

## Губзыгъэ

Губзыгъэм куэд жимылэ,
«lуэрвэр» жаримыгъылэ,
Имыдэр къарегъащlэ,
Имыщlэр зэрегъащlэ.

## Пагэм

Цlыхухэр уэркlэ пагэм
Лъагэу уаlэтынщ,
Ауэ зыбгъэпагэм
Уи пэр пхуаlуэтынщ.





## Псалъэ фlей жумылэ

Псалъэ фlей жызылэр
Мэхъур напэ фlей,
Дахэ къыбжилэжми —
Хъуащ ар псэм фlэлей.

## Шынэ

Шынэм ущышынэм
Благъуэ щхьиблу хокlыр,
Ауэ умышынэм
Хьэмбылу цlыкlуу хопкlэр.
Шынэр зыщышынэр
Уэрэ сэрэ дилэщ,
Шынэр игъэшынэу
Лlыгъэ дэ тlум дилэщ!

## Пщlэ зыхуамыщlыр

Ар хабзэмыщlэщ,
Ер и lэмыщlэщ,
Екlур имыщlэ,
Фlыр зыхимыщlэ.

Пэжым йодауэ,
Захуэм йозауэ,
Даlуи имыщlэ,
Дахи хуэмыщlэ.



## Хьэлэл

Цlыху хьэлэлым lей къуимыщlэ,
Фlыуэ хуэпщlэр ещlыр фlыщlэ.
Къыуитар имыlуэтэж,
Зыщытхъужу — уимыщэж,
Зигъэщlагъуэу емыжьэж,
И щхьэ - и пщlэр ехъумэж,
Зэрыцlыхури егъэпэж!

## Ныбжьэгъу

Хэти мэхъур уэршэрэгъу,
Хэти мэхъур дэджэгуэгъу,
Ауэ пщlынур уэ ныбжьэгъу
Уи ныбжь дыдэм хуэхъурщ гуэгъу.
Уи ныбжь гуэгъур уэ lыгъыф,
Уи ныбжь гъусэр гъэпэжыф!

## Лlыгъэ

Зыгуэрым уебэным - мылlыгъэ,
Зыгуэрым уезауэм - мылlыгъэ,
Зыгуэрым утеклуэм - мылlыгъэ,
Уи шынэм теклуэжи - уэт лlыгъэ!





## Напэ

Напэм нэхъ лъапlэ
Цlыхум имыlэ,
Ар зымыхъумэм
Лlыгъэ имыlэ.
Напэр псэм пищlу
Зиlэм ехъумэ,
Цlыхур цlыху ищlу
Напэм къехъумэ.

## Щхьэщытхъу

Щхьэщытхъум и щхьэм тхъупсу
Трикlэр щхъухь хуохъуж.
Щытхъупсым щхьэр дэутхъуэу
Абы къыщымыхъуж.

## Пцlыупс

Пцlыупсым и щхьэр яупс,
Пцlыупсыр шыдым трапхэ,
Пцlыупсыр ящlр хьэlупс*
Хуэмыlэтыжу и напlэ.

## Зумыгъэгубзыгъэ

Зыфlощlыж губзыгъэ
Зызыгъэгубзыгъэм.
Зи акъылыр бзыгъэм
Ищlэр мащlэ фlощl...



*Хьэlупс - ягъэпуд, дзы фlащ



## Тхьэусыхэрейм

Тхьэусыхэр - гухэрщ,
Лъохъур ар дэІуэгъу.
Дауи, ар мэгугъэ:
«Къысхуащ ыІнщ гущІэгъу».
Тхьэусыхэ-гухэм
ЛІыгъэ лъэпкъ хэмылъ,
ЛІыгъэ зыхэмылъым
Сэ фэ лъэпкъ езмыплъ.



## ГушыІэ

ГушыІэ зымыщІэр ІэштІымкІэ мауэ

*(Адыгэ псалъэжь)*

ГушыІэмыщІэм хуащІыр ІупщІэ,
ГушыІэ зыщІэм цІыхур йопщІ.
Зым мывэщ илъыр и Іэмыщ Іэ,
Адрейм и Іэгум мыщІэ къощ.

## Іужажэ

Іужажэр къыхож пабжьэм,
Іужажэр пожьэ пажэм.
Іужажэр нажэ-къажэщ,
Іужажэр зэщхьыр бажэщ —
Бажафэр зытрегъэжыр,
Бажэнэр зэблегъэжыр.







## Умыфыгъуэ

Фыгъуэм гур егъэгъур,
Мыгъуэ псэр егъэхъур,
Уэгум къит уи дыгъэр
Фыгъуэм фагъуэ дохъу.

Узыгъатхъэр — гугъэщ,
Уэ уи гъащІэр — тыгъэщ!
КхъыІэ умыфыгъуэ,
Зумыгъэунэхъу!

## Умыубэ

Удэплъейуэ лъаІуэ,
Укъеплъыхыу даІуэ,
УзэплъэкІыу ауэ
Зыри умыуб.
Гъагъэм еплъи — бауэ,
Зэи умыдауэ.
Къоуэм еуэж, ауэ
Зыри умыуб!

## Ауан

Ауаным и шыуаным
ИмыІэ хъыбарыфІ.
Абы, упелуанми,
Уихуам — укъимыкІыф.



# Сурэтыщӏ пщащэ



***Тумэ Лалинэ Нашык и курыт еджапӏэ №6-м и 10-нэ классым щоджэ. Мы ди гъащӏэ щхъуэкӏэплъыкӏэм и плъыфэхэр гукӏэ зыгъафӏэ пщащэр сурэтыщӏ ӏэщӏагъэм хуагъасэ Щэмей Русланрэ Дзэгъэл ӏэуесрэ.***

Илъэс 16 фӏэкӏа мыхъуми, Лалинэ и ныбжьым хуумыгъэфэщэну сурэт дахэ ещӏ, йохъулӏэ. Егъэджакӏуэхэм яхузэфӏэкӏ халъхьэ пщащэм бгъэдэлъ ӏэзагъэм зрагъэужьыным.

Сурэтыщӏ Щэмей Руслан: «Дяпэкӏэщ Лалинэ и псы къэжэгъуэр. Сурэт щӏын ӏэзагъэм дэ хуэдгъасэми, ар гъащӏэм хуоджэ, абы и еджапӏэрщ и къигъэхъуапӏэр. Нэм илъагъуу гум лъэӏэсыр мольбертым нэпхъэсыфын папщӏэ уи ӏэзагъэр ебгъэфӏэкӏуэн хуейщ ерыщу. А ӏуэхугъуэ нэхъыщхьэр Лалинэ къохъулӏэ, абы щхьэх ищӏэркъым».

Лалинэ зэхьэзэхуэ куэдым щытекӏуащ. Фёдоровэ Оксанэ и «Гуапагъэ фщӏэну фыхуэпащӏэ» псапэ фондым къыхилъхьат «Лӏыхъужь цӏыкӏумфӏыщӏэ!» урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы и «Сурэт» унэтӏыныгъэм Лалинэ къыщыхуагъэфэщащ «Урысейм и пощтым» къыбгъэдэкӏ саугъэт щхьэхуэ икӏи Москва щагъэлъэпӏащ. А «Сурэт» унэтӏыныгъэм щытекӏуахэм я лэжьыгъэ щхьэхуэу къыдагъэкӏыжахэм Лалинэ ейри хэхуащ. Абы имызакъуэу ди пщащэр пашэ щыхъуащ «Къэралым и хъумакӏуэ» сабий сурэт зэпеуэмрэ, «Нет – коррупции!» республикэ зэхьэзэхуэмрэ.

Тумэ Лалинэ: «Сэ зызэрысщӏэжрэ сыкъэзыухъуреихь гъащӏэм и теплъэр сощӏ: ди егъэджакӏуэхэм сурэт ятызощӏыкӏ, ауаныщӏ сэфэткӏэ си тетрадхэр согъэщӏэращӏэ, музыкант цӏэрыӏуэхэм ятестхыкӏхэр зызохьэ. Сытым селэжьми, сэ нэгъуэщӏхэм сакъызэрыхэщхьэхукӏ си хъэтӏ зэзгъэпэщыжыну сыхущӏокъу. Сурэтхэм мыхьэнэшхуэ яӏэщ. Псалъэкӏэ къыпхуэмыӏуатэ куэд абыкӏэ къэбгъэлъэгъуэфынущ. Сурэт щӏыным къыдэкӏуэу, сэ итхъэнри, ухуэнри, архитектурэри сфӏэфӏщ. Архитектор ӏэщӏагъэр зэзгъэгъуэтыну сохъуапсэ».







Лалинэ и мурадыфӏхэр къехъулӏэну дохъуэхъу!

Зыгъэхьэзырар ТЕКӀУЖЬ Заретэ

АБРОКЪУЭ Беллэ

# Лэгъупыкъу

*Уэ уфIэфI плъыфэм уэкIур, уэщхьыр, узыщыщыр къуегъащIэ.*



## Плъыжь пажэ

Ар щымыт икIи щымыс,
Къуэгъэнапlи ар къуэмыс.
И гур мажьэр, и лъэр мажэр,
Къызыдэжэм ятож Пажэр!

## *Къэбыфэ удэфа*

Ар еlуящlэ джэгурейщ,
Гъуагъуэм хуэдэу кlиирейщ,
Ущlэгубжьэмэ-щlыкlейщ,
Е хьэлыншэщ, е къуейщlейщ.

## Гъуэжь жыжьаплъэ

Нурыр къыlурехыр,
Дахэу зыкъырехыр,
Хуещlыр гу щlэныгъэм
Гъащlэр зи щlэщыгъуэм.

## Щхъуантlэ зеlуантlэ

lуэху пэрыхьэмэ, елэжь,
Пщlэ хуэпщlынуи къелэжь.
Ар мыгъасэм ящымыщ,
Дагъуэу иlэр зыщ-ерыщщ!

## *Къащхъуэ нащхъуэ*

Щlылъэм и щхьэр щоуназэ,
Уэгум и гур йоуфэразэ,
Нащхъуэ мэхъури щхьэуназэ,
Нэкъыфlэщlхэм ходжэразэ.

## Щlыху хуэм

Щыпкъэу Щlыхур
Щlылъэм тетщ,
Къыхужаlэ: «Цlыху зэтетщ».
Е щlэмыпхъуэ, е мыпхъэр,
Щыгужьейми – мыlэрпхъуэр.

## *Къыпщlафэ щlыкlафlэ*

Зэпщlыхьахэм фlещ «нэхуапlэ»,
Нэкъыфlэщlхэмкlэ зехуапэ,
Сабиигъуэм ходжэгухь,
Хъуапсэнэкlущ икlи гурыхьщ.

## Анэдэлъхубзэр фІыуэ сщІэуэ пІэрэ?

Егъэджакlуэхэм кърагъэхьа мы тхыгъэхэр е 9-нэ классым щlэс еджакlуэхэм ятхащ. Ахэр е урысыбзэкlэ мэгупсысэ, е жаlэну зыхуейр я бзэкlэ къаlуэтэфкъым. Фэ абыхэм я щыуагъэхэр зэвгъэззэхуэжи, фи егъэджакlуэхэм евгъэлъагъу. Абыхэм къывжаlэнщ анэдэлъхубзэр фщlэрэ-фымыщlэрэ.

# ЕДЖАКIУЭХЭМ ЯТХ:

* Дыгъуасэрей жэщым ди жэмым танэ цlыкlу къилъхуащ.
* Сэ куэд мыщlэу пщlыхьэпlэ хьэлэмэт слъэгъуащ.
* Ди гъунэгъум къуаргъ куэд яlэщ.

* Шэ пщтырыр стlолым къехуэхащ.
* Дэ ди хадэм ажэгъафэ хэтщlащ бзухэм щхьэкlэ.
* Дэ псым мафlэ щытщlащ, зыдгъэхуэбэжыну.
* Ажэгъафэм нэщхъ ищlу губгъуэм итт, къуаргъхэр игъэшынэу.
* Нобэрей жэщыр щlылэщ, ауэ вагъуэ дахэ уафэм тетщ.

* Махуэ къэс сэ жэщым пщlыхьэпlэ солъагъу.
* Школым сыкъыщикlыжым унэм нэс жыжьэу сыкlуэн хуейкъым.
* Щlымахуэ пщlондэ нартыхур хэтсэн хуейщ.

* Школым пщэфlапlэ дахэ щlэтщ.







2

Зыгъэхьэзырар БЕКЪАН Масирэтщ

## Аслъэн и къэхутэныгъэр

Аслъэн техникэм дихьэхт, программист хъуну хъуапсэрт. Зэгуэрым ар и классэгъухэм еупщӀащ: «ЦӀыхумрэ ЭВМ – машинэмрэ хэт нэхъ губзыгъэр»?

Зэклассэгъухэр зэдауэу, зэфӀэнэжу хуежьащ, а тӀум нэхъ губзыгъэр зэхамыгъэкӀыфу. Аслъэн абыхэм жаӀэм едаӀуэри гупсысащ. Машинэм псынщӀэу зэхелъхьэ, зэхех, егъэбагъуэ, егуэш, есэпри задачэхэри ещӀыж. Абы и псынщӀагъым зэи цӀыхур кӀэщӀыхьэнукъым. ЦӀыхур куэдрэ мэгупсысэ, хуэму мэлажьэ, щоуэ, йош... ауэ цӀыхуракъэ а машинэр езыр къэзыгупсысар? Ар нэхъ лъэщу щытын хуейкъэ? А есэпыр щӀыжын хуейщ.

Аслъэн къэхутэныгъэ иригъэкӀуэкӀыну яужь йохьэ. Абы фӀэфӀт «крестики–нолики» джэгукӀэр. А джэгукӀэр треухуэри машинэм доджэгу. Хегъанэ. Аргуэру хегъанэ. Абы къыгуроӀуэ машинэр зэрымыджэгуфыр: хуэбгъэува къалэныр Ӏэзэу игъэзащӀэми, ар езыр–езыру зэрымыгупсысэфыр. Аслъэн ар зэрыджэгу программэр нэхъ гугъу ещӀ. Иджы машинэм «игу ириубыдэн» хуейщ япэм зэрыджэгуар, щӀыхэнар. Аслъэн кӀуа иужькӀэ, машинэр кӀуэгъуитӀкӀэ ипэ иту «гупсысэн» хуейщ. Ар Аслъэн къохъулӀэ! Иджы машинэр хэмынэу мэджэгу. Дапхуэдизрэ зэдэджэгуми зыри хэмынэ, машинэри къытемыкӀуэ. Аслъэн ари еужэгъури машинитӀ зэдигъэджэгуу хуожьэ. ТӀури акъылиншэт икӀи заужьтэкъыми, зыми зихъуэжакъым. Зэшыгъуэт...

Аслъэн къыгурыӀуащ машинэр зэрыжыӀэщӀэр, цӀыхур зэрыгубзыгъэр. ЦӀыхум сыт хуэдэ машинэри «игъэгупсысэфынущ», ауэ езым хуэдэу губзыгъэ хуэщӀынукъым. Программистхэр хуабжьу а Ӏуэхум йолӀалӀэ, ауэ къехъулӀэкъым.



Зыгъэхьэзырар ХЪУЭКӀУЭН Фатимэщ



# ЦIЫКIУРАШ

Мы сурэтым щыгъэпщкIуа хьэпшыпхэр къыхэгъуати лэж.





мастэ

блэ

Iэлъэ

мазэ

бдзэжьей

дзэлъэщI

джыдэ



тхьэмпэ

бжыхь

пыIэ

торт

пхъы

IэфIыкIэ

кумбыгъэ

джэдыкIэ гъэжьа

Зыгъэхьэзырар ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ






Мы сурэтыщӀ зэшыпхъуитӀыр «Нурым» и сурэт зэхьэзэхуэм щытекӀуащ. Абазэхэ япхъу дахитӀыр - Дани Мелиси илъэсищ хъууэ аращ, ауэ балигъхэм хуэдэу гурыхуэхэщ. ТӀуми зытеплъэр къапхъуатэ, ягу иубыдыр сурэт мэхъу! ЗэшыпхъуитӀыр сурэтыщӀ цӀэрыӀуэ хъумэ - мы журнал щхъуэкӀэплъыкӀэ цӀыкӀуми и фӀыщӀэ абы хэлъщ!






**ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»**
Издается с 1 января 1982 года
№ 11 2020 г.
Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
И. о. главного редактора
**Б. М. АБРОКОВА**
Художественный редактор
**М. ХАЛИЛОВА**

Компьютерная вёрстка
**Н. РАСТОРГУЕВОЙ**
Корректор
**Ф. КАШИРГОВА**
Редакционный совет:
**Х. КАРМОКОВ**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**П. ХАТУЕВ**
Журнал зарегистрирован в управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01.2018 г.

Подписано к печати 04.11.2020 г.
Выход в свет 25.11. 2020 г.
Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7
Тираж экз. 1472
Заказ № 2429
Индекс П 5896
Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик, пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
nur.kbr1982@yandex.ru
Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а
Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.